# BERDAQ ATINDAG'I QARAQALPAQ MAMLEKETLIK UNIVERSITETI

## TABIYATTANIW HAM GEOGRAFIYA FAKULTETI

## GEOGRAFIYA KAFEDRASI

O'ZBEKSTAN TABIYIY GEOGRAFIYASI PANINEN

# O'z betinshe jumis

Tema: Qo'n'irat rayonina tabiyiy geografiyaliq sipatlama.

O'rinlag'an: Qudiyarova J
Qabillawshi: Nawrizbaeva G

No'kis-2012 j

Jobasi:

1. Geografiyaliq o’rni  ham tabiyiy sharayati
2. Geologik duzilisi, relefi ham paydali qazilmalari
3. Klimati ham ishki suwlari
4. Topirag’i, o’simligi ham haywanat dunyasi

## 1. Geografiyaliq jaylasqan o’rni ham tabiyiy sharayati

Qaraqalpaqstan Raspublikasinin’ arqa batis bolegin o’z ishine alip, Ustirt platosinin’ O’zbekstan Raspublikasina qarasli aymag’i kiredi. Ol arqada ham arqa batista Qazag’stan menen, tuslik batista Turkmenstan Respublikalari menen shegaralas bo’lip, al Qaraqalpag’standa rayonlar menen arqada Mo’ynaq, shig’ista Kegeyli menen, qubla batista Qanliko’l hamde Shomanay rayonlari menen shegaralas.

Rayon aymag’inin’ ulkenligi bo’yinsha respublikada birinshi o’rindi iyeleydi. Rayon tabiyiy sharayatina keletug’in bo’lsaq Aral ten’izinin’ siwinin’ qaddi paseyiwi rayong’a tasir etken.Rayonda tabiyiy sharayat alding’I jillarg’a qarag’anda adewir jaman. Qis juda suwiq, jazi bo’lsa juda issi keskin kantenental klimat. Jawingershilik tiykarinan bahar ham kuz mawsumlerine tuwra keledi. Puwlaniwshiliq mug’dari juda joqari.

Rayon aymag’inin’ tabiyiy sharayatin jaqsilaw maqsetinde kpshilik jerlerde yag’niy Aral teb’izinin’ qublasindag’i ko’llerdin’ awhalin jaqsilaw maqsetinde ko’pshilik jumislar amelge asirilmaqda. Maqset rayonda kishi mikroklimat sharayatin qaliplestiriw bo’lip sanaladi.

## 2. Geologik duzilisi’, relefi ham paydali qazilmalari

Rayon aymag’i turan platformasinda jaylasqan bo’lip ol mezazoy eresina shekem juda hareketshen geosinklinal zonasi shayatinda jasag’an. Taw payda bo’liw pratsesi paleazoydin’ aqirinda tamamlang’an. Onin’ fundamentin qurawshi taw jinslari tiykarinan paleazoy dawrindegi hak tas metamorfizmge ushrag’an saz ilay (slanets) magma jinslari – granit ham gneyslerden ibarat.

Qurg’aqliq tin’ payda boliw waqtinan baslabaq jerbeti jemiriliw ugiliw ham juwiliw pratseslaerinde, ushirap kem kemnen tegislene Bergen. Hatteki onin’ ayrim jerleri sho’gip ten’iz basqan. Natiyjede ayyengi paleazoy sho’gindilerinin’ ustinde mezazoy ham kaynazoy erelarindag’I sho’gindi taw jin slari har jerde har qiyliu qalin’liqta toplang’an. Sonliqtanda geologlardin’ aniwqlawinsha fundamenttin’ tern’ligi ulkemizdin’ aymag’inda bir tegis emes. Tiras dawrinde Ustirt shoge baslaydi. Ol jerde qizil renli qum , tas ham ilayli qatlamlar payda bo’ldi.Bul shog’iw Ustirt ham Amiwdaryta eteklerinde yura dawrinde dawam etedi. BUL dawirde shogindiler arganikaliq shirindige bay bo’lip keledi.

Paleogen dawrinde ten’izdin’ jasil ren’li ilay sgo’gfindileri barliq aymaqqa jayilg’an.

Al neogen dawrinde sho'gindilerde hak taslardin' ko'p ushrasatug'inlig'in ko'remiz. Neogen dawirinin' aqirlarinda rayon aymag'I birden ko'tertiliwi natijesinde juwuliw pratsesi kusheygen Orayliq Ustirtte ham Amiwdarya eteklerinde paeogen shogindileri juwilip hatteki olar ayrim jerlerde jo'q bo'lipta ketken. Paleogewn koteriliwinen keyinustirtte jemiriliw ,ugiliw ham juwuliw pratseslaeri ustemlik etip sarmat dawiri shogindilerinin' hak tasli qatlami koplep jer betine shig'ip qalg'anlig'in koremiz.

Solayetip rayon aymag'I mezazoy kaynazoy eralartinda ten'iz astinda bo'lg'ani ushin kopshilik o'rinlar shogindi jinslar qatlanlari menen qaplang'an.Biraq bul qatlamlar qalin'lig'I barliq jerlerde birdey emes. Olar ayirim o'rinlarda 300-500 metrden 5000-6000 m ge shekem jetedi. Geypara jerlerde bul shogindi jinslar joq,al ayyengi fundament jer betine shig'ip jatir.

Relefi. Rayon **<u>relefine</u>** keletug'in **bo'lsaq onin' tiykarin Ustirt <u>platosi quraydi.</u>**

**Ustirt platosi-** Respublikamiz batisinda Aral-Kaspiy ten'izleri aralig'inda jaylasqan. Ustirttin' batis yarimi Qazag'stan Respublikasina qarasli. Qaraqalpaqstan Ustirti S= 70 min' km kv jerdi iyeleydi.Onin' fubdamenti teren' bo'lip, bor ham ushinshi dawirge tiyisli ten'izdin' har qiyli sho'gindi jinslari juda qalin' qatlamdi juwip jatir.

Klimatinin’ keskin kantenental ham juda qurg’aqlig’I sebebli bos jinslardin’ Ustirttin’ betinde adewir qalin’ emesligin ko’remiz juwiliw pratseside juda tomen. Ayirim jerlerde siyrek shoqalaq qumlar ushrasadi. Ustirt jotasi atirapindag’I tegisliklerden adewir ko’terin’kiligi menen boleklenip turadi. Ol barliq tareplerinen atirapindag’I oypatliqlarg’a derlik tik jarli qabaqliqlar jasap shegaralanadi. Usi jarqabiqlardi geografiyaliq adebiyatlarda “chink” dep ataydi. Ustirt platosinin’ bizin’ respublikamizg’a qarasli jerleri en’ biyik jeri Qarabawir ustirtligi bo’lip ol 292 m ge ten’.

Ustirt jarqabiqlar saylar jiralar menen kesisip olardan bazilari platonin’ ustine shig’atug’in jol xizmetlerinde atqaradi. Ustirttin’ qublasinda tolqin siyaqli bolip keletug’in Qaplan qirin, onin’ arqa tarepinde Ustirttin’ arqa batisinda qubla shig’isqa qaray sozilg’an Qarabawir qirin ushratamiz. Putkil Ustirttin’ en’ ustki tobesinde usi jerde Qarabawir menen jaqin jaylasqan Barsa kelmes o’ypawiti boylap Qo’n’irat- Maxat tenir joli o’tedi.

Qaraqalpaqstan Usatirtinde joqaridag’I qirlardin’ aralarinda har qiyli ko’lemdegi bir qabsha o’ypawitlardida ushratamiz.

**Arqa Ustirt o'ypawiti**. Ustirttin' en' arqa bo'liminde jaylasip ol arqa shig'istan qunla batisqa qaray sozilg'an bo'lip ko'ldin' sho'gindi bos tinba jinslarinan quralg'an. O'ypawittin' ultaninda har qiyli iye kebirlikler ham qumlar ko'p. Solardan Jarin quduq qumlig'I bizin' respublikamizg'a qarasli.

**Barsa kelmes o'ypawiti**. Ustirttin' o'rayliq bo'liminde jaylasip, 1000 km kv maydandi iyeleydi. O'pawittin' orayinda Barsa kelmes sho'rlig'I jaylasqan. Sho'rliqtin' jag'alawlari o'raydin' ultanina 40-50 m biyiklikke iye bo'lip, shetten ortag'a barg'an sayin kem-kemnen paseyip tabaqsha ko'rinsine aylanadi. Al onin' ultani Aral ten'izi betinen 12-15 m dey biyik. Jawin jawip qarlar erigen waitlari o'ypawittin' ayirim jerlerinde haqiqiy ko'lemge iye suw aydinlari duzli ko'ller payda bo'ladi. Ol jerlerde ko'p zamanlardan beri jiynalip jatirg'an mol duz qorlari bar. Ol duzlardan adamlar hazirde ishiwge ham emlewge paydalanilmaqta.

Barsa keles sho'rlig'inin' arqa bo'leginde eki ataw bar. Adamlar sol atawlardi "shaytan" qala dep ataydi. Ol atirapinan 15-20 m dey biyik bo'lip onnan aylanba jag'alari diywalg'a uqsap ko'rinedi. Sol ushin oni qala dep o'ylag'an. Hatteki adamlar arasinda: " adam bariw tugil, qus qo'naqlay almaytug'in bunday qalni tek g'ana " jin-shaytanlar" saliwi mumkin, bul qalada esapsiz altin bayliqlar bar, sol bayliqlardi "jin – shaytanlar" iyelep jatir eken" - degen tiykarsiz an'iz gap ken' tarqalg'an.

Professor S.P. Tolstov 1946 jili “ shaytan” qalani izertledi ham onin’ “sirlarin” ilimiy jaqtan dailledi. Adamlardin’ diywal ham qla dep jurgeni sol jerdegi ko’p dawirlerden beri jemirilip, kishireyip qalg’an qatti taw jinslarinan quralg’an to’beshikler ekenin aniqladi. Sonin menen birge bul jerde hesh qanday jasalmali qubilislardin’ joqlig’in, xaliq rarsinda taralg’an an’iz so’zlerdin’ tiykarsiz, o’tirik basqa maqsetlerge muapiq tarqatilg’an ekenligin dalillep berdi.

**Shaqpaqta shuqirlig’I** - uzinlig’I 6 km eni 3 km janbaiwlari tik bo’lip, ultaninin’ qaddi ten’iz qaddinen biyik. Shuqirliqta qum tobeshikleri menen kebirlikler ko’p, usi jerde Shaxpaqte gaz kani bar.

**Asekawdan shuqirlig’I -** ol Sariqamis ko’linin’ arqasinda jaylsip tap sol ko’ldin’ iyelep ultani oyli- don’li sho’rliqlar. Ultaninin’ ten’iz betinen o’rtasha biyikligi 40 -50 m. Ustirt gazi usi jerden o’tetug’in Buxara-Ural, O’rta Aziya-Ural gaz magistralina qosiladi.

**Paydali qazilmalari**. Rayon aymag’inda hazirge kelip gaz, neft, duz kanleri sonin’ menen birge qurilis materiallari, hak tas, gips, gil, shag’al tas kanlari islep tur.

## 3. Klimati ham ishki suwlari

Rayon klimati geografiyaliq jaylasiw o’rni bo’yinsha o’rtasha klimat poyasinda tuwra keledi. Jil dawaminda jer betine quyash nurlari mol tusedi, har bir kv sm jer betine tusetug’in quyash nurlari mug’dari 140-145 kkal g’a ten’. Quyash nurlarinin’ keliw mumkinshiliginin’ jiyindisi iyunda 22200 kkal, dekabrde 5900 kkal, al jil dawaminda 173500 kkal g’a ten’.

Biraqta bul ko’plkegen mug’dardag’I Quyash nurlari jerdin’ betine to’lig’I menen kelmeydi. Uyitgeni, atmosfera tiniq bo’lmaytug’inlig’inan Quyash nurlari hawa qatlamlari arqali o’tiw waqtinda, bulitlarda hawanin’ quramindag’I har qiyli shan’larda ham hawa malekulalarinda soqlig’isadi. Natiyjede olardin’ bir bo’limi atmosferada shashiladi ham irkiledi.

KLimattin’ keskin kantenentallig’I o’rtasha jilliq jawin shashin mug’darina qarag’anda o’rtasha puwlaniw mumkinshiliginin’ 15 -20 esedende ziyatlig’I atmosfera hawasinin’ hadden tisqari qurg’aq ekenligin o’zinde dalileydi. O’rtasha jilliq jawin shashin mug’dari 50-80 mm, ayirim waqitlari Ustirtte 90 -100 mm ge jetiwi mumkin.

Qon’irat rayoni tiykarg’I suw deregi Amiwdarya daryasinan keletug’in kanallar esaplanadi. Suenli ham Rawshan kanallari tiykarg’I suwg’ariw deregi sanaladi. Qon’iratta Xo’jako’l, Ko’ptin’ko’l, Ilmeko’l, Mashanko’l siyaqli ko’ller bar.

## 4. Topirag’i ,o’simligi ham haywanat dunyasi

Rayon aymag’inda boz topiraq tarqalg’an. Biraqta topiraqtin’ paydabo’liwi ham rawajlaniwi Amiwdarya menen tig’is baylanisli aymaq esaplanatug’in darya deltasi o’zine ta’n allyuvial topiraqlari menen ajiralip turadi. Onnan basqada avtomorfli, gidromorfli, batpaqli, batpaqli-o’tlaqli, o’tlaqli, o’tlaqli-taqirli, taqirli, sur qo’n’ir topiraqlari tarqalg’an.

O’simlikleri sho’lge ham sho’rg’a iykemlesken. Bular: qamis, qara seksewil, adiraspan, qoyan suyek, juwsan, cherkez, boyan, to’rang’il, jigildik, jing’il ham tag’ida o’simlik turleri tarqalg’an.

Haywanat dunyasi: baliqlardan- sazan, suen, ilaqa, aq amur, jilanbas, quslardan- jawayi g’az, burgit qirg’iy, g’arg’a, shimshiq, shag’ala, kepter, qumiri, uyrekler, jer bawirlawshilardan- jilan, kesirtke,tasbaqa, eshkemer, sut emiziwshilerden- Qizilqum arqari, saiq guzen, qoyan, kiyik, qasqirlar ham tag’da basqa haywanlar tarqalg’an.

Hazirgi kunde rayon aymag’indag’I o’simlik ham haywanlar turlerin kobeytiw jog’alip ketip atirg’an saqlap qaliw ilajleri ko’rilmekte.